**दिन—रविवार** **दिनांक—26.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्र आइ छिहत्तरिम गणतंत्र दिवस मनौलक। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एहि अवसर पर नव दिल्ली मे कर्तव्य पथ पर ध्वजारोहण कयलनि आ भव्य परेडक सलामी लेलनि। एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी राष्ट्रीय समर स्मारक जा कऽ देशक लेल अपन प्राणक आहुति देबयबला शहीद सभ के पुष्पाजंलि अर्पित कयलनि। एहि वर्ष गणतंत्र दिवस परेड मे इण्डोनेशियाक राष्ट्रपति प्रबोवो सुबिआंतो मुख्य अतिथिक रूप मे सम्मिलित भेलाह। भव्य परेड मे देशक सभ्यता, संस्कृति आ वैज्ञानिक प्रगति के दर्शबयबला मनमोहक झांकी सभ प्रस्तुत कयल गेल। आठ वर्षक अंतरालक बाद एहि वर्ष बिहारक झांकी सेहो देखल गेल। एहि झांकी मे महात्मा बुद्ध, नालंदा विश्वविद्यालय आ राज्यक समृद्ध बौद्धिक विरासत के बहुत सुंदर जकां दर्शाओल गेल।

---

छिहत्तरिम गणतंत्र दिवसक अवसर पर राज्य मे मुख्य समारोह पटनाक एतिहासिक गांधी मैदान मे आयोजित कयल गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां झंडोत्तोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। श्री खां अपन संबोधन मे कहलनि जे भारतक संविधान सभ नागरिकक लेल सामाजिक, आर्थिक आ न्याय सुनिश्चित करैत अछि। एहि अवसर पर ओ राज्य सरकारक उपलब्धि सभक सेहो चर्चा कयलनि। राज्यपाल श्री खां कहलनि जे राज्य सरकार सदति सँ सुशासन आ न्यायक संग सर्वांगीण विकासक लेल संकल्पबद्ध अछि। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के नेतृत्वक सरकार एखन धरि शिक्षा क्षेत्र सहित विभिन्न विभाग सभ मे नओ लाख स्थायी सरकारी नौकरी देलक अछि आ आगां बारह लाख सरकारी नौकरी देल जायत।

---

राज्यपाल कहलनि जे एहि वर्ष चौतीस लाख लोक सभ के रोजगार भेटि जायत। राज्यपाल कहलनि जे स्वयं सहायता समूहक अंतर्गत एखन धरि जीविकाक काज मात्र ग्रामीण

क्षेत्र मे भऽ रहल छल मुदा आब शहरी क्षेत्र सभ मे सेहो स्वयं सहायता समूहक गठन तेजी सँ कयल जा रहल अछि। शिक्षाक क्षेत्र मे नीतीश कुमार के नेतृत्वक सरकार के उपलब्धि सभक चर्चा करैत राज्यपाल कहलनि जे राज्य सरकार द्वारा आरंभहि सँ शिक्षा पर जोर देल गेल अछि। पैघ संख्या मे नव विद्यालय खोलल गेल आ ओकर आधारभूत संरचना के मजगूत कयल गेल। ओ जनौलनि जे स्थानीय निकायक माध्यमे पैघ स्तर पर नियोजित शिक्षक सभक बहाली कयल गेल अछि।

---

एहि सँ पहिने गांधी मैदान विभिन्न अर्ध सैनिक बल आ सेनाक टुकड़ी बिहार पुलिस आ एन.सी.सी दिस सँ भव्य परेडक प्रदर्शन कयल गेल। विभिन्न विभागक झांकी सभ राज्यक विकसित होइत तस्वीर प्रस्तुत कऽ सभक मन मोहि लेलक। उद्योग विभागक झांकी के प्रथम, पशु आ मत्स्य संसाधन विभाग के दोसर आ खेल विभागक झांकी के तेसर स्थान भेटल। राज्यपाल एहि अवसर पर सेनाक विभिन्न अंगक अधिकारी आ कर्मी सभ के हुनक पराक्रमक लेल सम्मानित कयलनि।

---

आकाशवाणीक महानिदेशक डॉक्टर प्रज्ञा पालीवाल गौड राष्ट्रीय राजधानी नव दिल्ली स्थित आकाशवाणी भवन मे झंडा फहरौलनि। ओ आकाशवाणी परिसर मे महात्मा गांधी के प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर आकाशवाणी पटना परिसर मे उप महानिदेशक हेमंत सीडाम झंडोत्तोलन कयलनि।

---

छिहत्तरिम गणतंत्र दिवस जिला मुख्यालय सभ मे सेहो समारोहपूर्वक मनाओल गेल। सहरसा स्टेडियम मे कोसी प्रमंडलक आयुक्त राजेश कुमार झंडोत्तोलन कयलनि।

दरभंगा नेहरू स्टेडियम मे आयोजित गणतंत्र दिवस समारोह मे प्रमंडलीय आयुक्त मनीष कुमार झंडोत्तोलन कएलनि।

समस्तीपुरक पटेल मैदान मे प्रभारी मंत्री श्रवण कुमार झंडोत्तोलन कयलनि। ओतहि, शहर मे भाकपा माले के दिस सँ सद्भावनाक लेल तिरंगा यात्रा निकाललनि।

बेगूसरायक गांधी स्टेडियम मे प्रभारी मंत्री मंगल पांडेय झंडोत्तोलन कयलनि।

———————————————————————————

प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभक चौदहम दिन सेहो श्रद्धालु सभ अनुष्ठान के पूरा करबाक बाद मेला क्षेत्र मे आयोजित विभिन्न प्रदर्शनी आ पंडालक भ्रमण कऽ रहलाह अछि। एहि मे नरेन्द्र मोदी ऐप मुख्य आकर्षणक केन्द्र बनल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र एकीकृत पेंशन योजना यूपीएसक कार्यान्वयन के आधिकारिक रूप मे अधिसूचित कऽ देलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त